

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kamampuh nulis siswa kacida pentingna pikeun atikan, utamana pikeun mekarkeun kaparigelan basa siswa dina pangajaran basa Sunda. Kaparigelan basa miboga opat aspék kaparigelan basa anu perlu dicangkem, nu ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita. Kagiatan nulis bisa mekarkeun siswa pikeun mikir kritis, bisa nimbulkeun ayana persépsi nu jero, ogé bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur karandapan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Nulis mangrupa salasihiji wangun komunikasi basa nu sipatna vérbal nu ngagunakeun simbol-simbol tinulis minangka médiumna Yunus (dina Nyamat, 2017, kc. 152). Nurutkeun Widyamartaya (dina Idarliati, 2018, kc. 60) nulis nya éta sakabéh runtuyan kagiatan dina ngébréhkeun gagasan ogé nepikeun pesen ngaliwatan basa tinulis keur pamaca pikeun maham naon nu dimaksud ku pangarangna. Ieu gagasan téh saperti pangaweruh, perasaan, émosi, jrrd. Gagasan nu ditepikeun mangrupa gagasan dina wangun narasi, déskripsi, éksposisi, jeung arguméntasi. Jadi, dina dasarna nulis téh mangrupa salasihiji prosés pikeun ngébréhkeun gagasan ngaliwatan pikiran sarta ngamangpaatkeun sarana pikeun ngébréhkeun kahayang panulis ka pamaca. Sacara tioritis nulis mangrupa salasihiji kagiatan nu hésé. Hiji tulisan kudu nyangkem informasi anu miboga mangpaat pikeun nu maca. Salasihiji wangun tinulis anu miboga tujuan pikeun nepikeun informasi nya éta warta.

Sangkan siswa parigel dina nulis, bisa diasah ku cara latihan ngaliwatan matéri pangajaran warta. *Berita*, warta atawa béja mangrupa kecap atawa istilah nu teu bireuk dina kahirupan sapopoé, ogé dina matéri pangajaran basa Sunda. Nurutkeun Jani Yosef (dina Muslimin, 2021, kc.18) warta nya éta informasi anyar atawa laporan nu medar hiji hal anu sipatna aktual, faktual, ngirut, tur penting pikeun balaréa, dipidangkeun ngaliwatan wangun média citak, siaran, atawa internét. Sarat hiji kajadian nu bisa dijadikeun warta nyaéta hiji kajadian anyar nu lumangsung harita kénéh jeung miboga eusi nu bisa ngareuwaskeun jeung nyieun rasa kapanasaran jalma réa, sarta kajadian éta téh lain kajadian nu sering kaalaman

atawa natural, tapina warta nu dituliskeun téh mangrupa warta disaluarkeun kabiasaan jeung teu kaimpleng (*praduga*).

Dina prak-prakanana mah warta téh dijieunna dina wangun tinulis, nu di tepikeun sacara lisan ogé angger dasarna tina wangun tinulis. Kecap warta atawa *berita* asalna tina basa *Sansakerta* “*viritta*” nu hartina béja ngeunaan hiji kajadian atawa hal nu keur kajadian. Istilah warta sok dipaké dina jurnalistik pikeun ngalaporkeun kajadian atawa sanggeus lumangsung, Haerudin, spk. (2017, kc.84). Saluyu jeung Kurikulum 2013 Révisi 2017 tingkat SMA kelas XI nu dijerona nyebutkeun yén siswa téh diperedih bisa nulis, utamana dina nulis téks warta dumasar kana Kompetensi Dasar (KD) “4.5 Menyusun teks berita berdasarkan pengamatan atau hasil wawancara sesuai dengan struktur atau kaidah kebahasaan”. Ku kituna, siswa kudu bisa nulis téks warta, tapi dina pangajaran nulis téks warta, umumna siswa can bisa ngabédakeun aksara vokal é, e, jeung eu, dina struktur kalimah nu masih acak-acakan teu merhatikeun kaédah kabiasaan dina tulisanna, ogé unsur-unsur nu sakuduna aya dina warta teu lengkep dumasar kana unsur 5W+1H. Saperti ieu conto téks warta anu di tulis ku salah saurang siswa kelas XI di salah sahiji SMA/SMK/MA/MAK di Kabupatén Bandung Barat, “*Wilujeng enjng kanggo sadaya pamiarsa sadayana. Simkuring dina waktos ieu bade ngadugikeun sawatara warta anu kantos kajantenan dina saminggon kapengkeur ieu*” Aya sababaraha faktor nu ngabalukarkeun karandapan éta masalah, salah sahijina kurangna kamampuh siswa dina nulis téks warta, siswa can bisa ngébréhkeun eusi pikiranna ngaliwatan tinulis jeung guru nu kurang kréatif dina nepikeun pangajaran ngajadikeun siswa kurang sumanget dina prosés diajar. Pikeun nungkulan éta masalah ku ayana média poster bisa ngabantuan guru pikeun ngokolakeun pangajaan ngaliwatan média poster nu cocog pikeun siswa.

Média pangajaran miboga peran penting salaku alat pikeun nyiptakeun prosés diajar anu éféktif, unggal prosés diajar jeung ngajar ditandaan ku ayana sababaraha unsur, diantarana; tujuan, bahan, métode, jeung média sarta unsur évaluasi (Azmussya’ni & Wangid, 2014, kc. 4). Penggunaan média bisa leuwih menarik perhatian ka siswa pikeun diajar. Salasahiji média pangajaran nu bisa ningkatkeun kamampuh nulis nya éta média poster. Média poster mangrupa média pangajaran nu miboga kakuatan pesen, visual, jeung warna.

Nurutkeun Anitah (dina Rahmatiah, 2021, kc. 174) yén poster téh mangrupa salasahiji kombinasi visual dina gambar jeung pesen. Poster bisa digunakeun pikeun ngabéwarakeun sarta méré informasi. Salian ti éta, Média poster digunakeun pikeun ngagamplikeun guru dina nepikeun matéri pangajaran sarta ngagamplikeun siswa dina prosés diajar. Hal ieu, ayana bantuan poster siswa bisa maham sarta nginget deui kana matéri pangajaran nu geus pernah diajar (Niska dina Rahmah spk., 2019, kc. 59). Kamampuh ngagunakeun pangajaran média poster bisa nyebabkeun prosés pangajaran jadi leuwih maksimal, aktivitas sarta hasil diajar siswa kana hiji kagiatan pangajaran dina pangaweruh atawa tiori nu bisa ngalibatkeun pangaweruh ogé mekarkeun kaparigelan intéléktual (Erina dina Rahmah spk., 2019, kc. 59). Poster bisa éféktif dina sajumlah situasi diajar, minat diajar, kamampuh sosial, ngamotivasi sarta ngarojong kana peserta didik pikeun pamaca nu leuwih loba (Smaldino dina Rizawayani spk., 2017, kc. 128).

Dumasar pedaran diluhur, pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis warta tangtu kudu aya hiji tarékah atawa hiji prosés nu tuluy-tumuluy dina pangajaran di kelas. Dina pangajaran nulis téks warta, média pangajaran anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta média. Ditingali tina sawangan di luhur, média poster bisa dipaké ku guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks warta di kelas XI SMA/SMK/MA/MAK pikeun hasil diajar nu leuwih hadé. Nilik kana pedaran diluhur, panalungtikan anu dijudulan “Média Poster Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI AKL-3 SMK Mahardika Batujajar Taun Ajar 2021/2022) perlu pisan dilaksanakeun.

Aya sababaraha panalungtikan nu geus dilaksanakeun saluyu jeung panalungtikan nu bakal dipedar dina ieu panalungtikan salah sahijina nya éta Desi (2013) anu judulna “*Média Gambar Peristiwa Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta*” jeung “*Modél Picture Word Inductive Dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-G SMP Negeri 3 Ciamis Taun Ajar 2018/2019)*”. nu hasilna nétélakeun yén aya béda nu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média Poster.

Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun medar kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar Taun Ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média poster. Ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun

ngabuktikeun kana kaéféktifan ngagunakeun média poster pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dibéré judul “Média Poster Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar Taun Ajar 2021/2022)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus ditétélakeun di luhur, aya sababaraha pasualan anu karandapan dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. kamampuh nulis téks warta siswa héngkér, ditilik tina unsur wartana, éjaan, kosa kecap, struktur wartana, jeung basana;
- b. kurangna minat jeung kamampuh siswa utamana dina aspék basa nya éta dina widang nulis, kusabab aya sababaraha faktor;
- c. kurangna kréatifitas guru dina ngagunakeun média pangajaran nalika kagiatan diajar di kelas; sarta
- d. média poster dina peristiwa ngabantuan siswa dina néangan ide jeung ngamekarkeunana kana wangun téks warta.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis téks warta siswa saméméh ngagunakeun Média Poster siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks warta siswa sanggeus ngagunakeun Média Poster siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar?
- c. Aspék-aspek naon waé nu ngaronjat dina pangajaran téks warta ngagunakeun Média Poster?
- d. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis téks warta siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Média Poster siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar?

1.2.1 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panaluntikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis téks warta saméméh ngagunakeun Média Poster siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar;
- b. kamampuh nulis téks warta saggeus ngagunakeun Média Poster siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar;
- c. aspék-aspék naon waé nu ngaronjat dina pangajaran téks warta ngagunakeun Média Poster; sarta
- d. bédana nu signifikan antara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Média Poster siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar.

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung nu geus dipedar dina rumusan masalah, ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus anu baris diébréhkeun ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sakumaha rumusan masalah di luhur, tujuan umum nu hayang ditalungtik dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun larapna média poster dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Dumasar tujuan di luhur, ieu panalungtikan téh miboga dua manfaat nyaéta manfaat tioritis jeung manfaat praktis, anu baris diébréhkeun ieu di handap.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngeuyeuban widang paélman ngeunaan média poster dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks warta hususna pikeun pangajaran warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi ogé pangdeudeul ngeunaan média poster dina nepikeun bahan ajar kalawan tujuan pangajaran nu kahontal ku panalungtik jeung nu séjénna, di antarana:

a. Pikeun guru

Ieu panalungtikan bisa jadi conto pikeun guru sangkan leuwih parigel dina nepikeun matéri jeung bisa mekarkeun média poster sangkan ngirut siswa leuwih sumanget diajar basa Sunda.

b. Pikeun siswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina pangajaran warta. ku ayana média poster dina pangajaran nulis téks warta, dipiharep siswa bisa maham kana matéri pangajaran, ogé leuwih parigel dina nulis téks warta ku saluyu jeung unsur kaédah kabiasaan ku cara matotoskeun pasualan dina kahéngkérangan nulis téks warta.

c. Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun média poster nu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi ngawengku lima bab anu ngagunakeun raraga tulisan sapeti ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori ngawengku tiori média pangajaran, tiori média poster, tiori pangajaran nulis, média poster dina pangajaran nulis téks warta, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Métode Panalungtikan ngawengku desain panalungtikan, sumber data prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik analisis data, uji sipat data, jeung uji hipotésis.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedarann tina hasil panalungtikan média poster dina pangajaran nulis téks warta.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi tina hasil panalungtikan média pangajaran média poster dina pangajaran nulis téks warta.